

**НИЙЙЕРÆГИ РÆВДУД КА ЗОНУЙ, Е ХОРИСКАСТБÆЛ ДÆР ЦИЙНÆ КÆНУЙ!..**

***АЛИГЬЕРИ Данте (1265-1321), италиаг поэт: «Нæуæгигурд æнай-æнойти æ мади реу дæйунбæл куд фæууй, уотæ фуртæн дæр æ реуи уодварни фиццаг æвзартæ ку фæззиннуй, уæд гъæуама игъоса æма ахæсса æ фиди карз фæдзæхститæ. Фидæ ба ин гъæуама арæхстгин зундамонæг уа. Фал фидæн æ гъуддæгутæ æ дзубандити хæццæ ку нæ бадонцæ, уæд е тæссаг хабар æй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№28 (900) 2023 анзи 29 июль – сосæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## КУЛЬТУРÆ



### «ДИГОРИ ТАУРÆХЪТÆ»

Телеканал «Культурæ»-йи еудадзугон программæ «Уæрæсей æнæзундгонд маршруттæ»-йи абони, 29 июли 12 сахатти æма 15 минуттебæл фиууинæн уодзæнæй телеравдист «Цæгат Иристон. Дигори таурæхътæ». Уой фæдбæл телеканал æ рагацауи игъосункæнуйнаги уотæ амонуй: «Мах абони ранæхстæр уодзинан Цæгат Иристонмæ, уой дæр уотид Цæгат Иристонмæ нæ, фал аргъæутти Дигорæмæ. Дигорæ дессаги дести бафтаунгъон æй сауæнгæ тæккæ фæлтæрдгун бæлццони дæр. Е уæхæн бунат æй, кæци, зæгъун æнгъезуй, æгириддæр гъигæдард не 'рцудæй цивилизаций æнæбунати æйййивддзийнæдтæй. Ци дессаги-дессæгтæбæл ба нæ исцурæвæрæ уодзæнæ ами!.. Алæмæти хуæнхон пейзажтæ, æмбохгæ цæугæдæнттæ, недзамантæй ардæмæ гъæуайгонд ка 'рцудæй, уæхæн гъæутæ...» Æма еци еугур дессæгтæ фæууинунæн уин равгæ ес телеканал «Культурæ»-йи равдистмæ «Цæгат Иристон. Дигори таурæхътæ»-мæ сабати 12 сахатти æма 15 минуттебæл бакæсгæй.

Уæдта ма еума хабар – августи ба Дзæуæгигъæуи есдзæнæнцæ сæрмагонд равдист программæ цикл «Уæрæсей историон курорттæ»-йи фæлгæти.

## РАСАГЪÆС КÆНЕТÆ...



### ЕСКÆБÆЛ АУОДГÆЙ ДÆХЕ ДÆР МА ИРОНХ КÆНÆ!..

Беретæ ма 'й, æвæдзи, гъуди кæндзæнæнцæ 1989 анзи Сомехи агъазиау зæнхинкъуст ке 'рцудæй, уой. Уой фудæй си æрцудæй берæ æверхъаудзийнæдтæ: хæдзæртти зингæдæр хæйттæ ниддæрæн æнцæ, фæммард си æй дæс æма инсæй адæймагемæй фулдæр. Цæргутæй ма си ка райервазтæй, етæ ба агурдтонцæ хеуæнтти, зонгити. Уотæ еу лæг дæр æ фурти агурдта, æ фурт ци скъолай адтæй, уой азгъунсти кæлæддзæгти буни. Агурдта, агурдта æвæллайгæй. Æ фарсмæ ма нийиергутæй ка архайдта, уонæй кадæртæ сæ зæрдæ нецæбæл бал дардтонцæ, æма еци лæгæн дæр дзурдтонцæ:

– Байрæги æй!.. Æгас си некебал ес!.. Нæ бон ма син ци æй!..

Лæг син сæ дзубандитæ æгириддæр нецæмæ дардта, айдагъдæр ма рафæрсидæ:

– Дæ зæрди мин фæййагъаз кæнун ес?

Æма идарддæр æ куст кодта – пурхæнтæ фæйнердæмæ калдта. Цубурæй: адтæй нæ адтæй, уæддæр æ фурти е 'мбæлтти хæццæ иссирдта, фæййервæзун сæ кодта…

Аци хабар æримистан еци лæги «дæ зæрди мин фæййагъаз кæнун ес?» зæгъгæ, бафарстмæ гæсгæ.

Адæймаг хаттæй-хатт бахауй тухст уавæрти, æма си фæййервæзун æхе бон нæ исуй, ку исуа, уæддæр хъæбæр гъезæмæрттæй.


3




КЦОЙТИ Юрий конд скульптурæ (гъæдæй конд).

# ЦÆУÆТÆЙ ЗÆРДИРАЙ НИЙЙЕРÆГ – ХУÆРЗАМОНД!..

Дуйней ци берæ аллихузон бæрæгбæнттæ бæрæггонд цæунцæ, уонæй кæцидæртими уоййасæбæл хиццагæй неци ес, æма уомæ гæсгæ ба махмæ, Уæрæсей дзиллæмæ, цæстиварди дæр нæ 'нцæ. Фал си ес, мах дæр ке бафæнзæн æма ке бæрæг кæнæн, уæхæнттæ дæр. Зæгъæн, Америки Еугонд Штатти цæргутæ алли анз дæр 1 августи цитгинæй бæрæг кæнунцæ нийиергути банимайундзийнади Бон. Баруагæс уи уæд, нæ фæррæдуйдзинан, еци бæрæгбон ци гъуддаги фæдбæл нисангонд æй, е Зæнхи цъарæбæл еугур цæргутæн дæр кадгин æй, зæгъгæ, ку зæгъæн, уæд.

Нийиергутæ!.. Ци ма уа уомæй зæрдтагондæр æма æхцæуæндæр дзурд адæймагæн. Уони фæрци фæууидтан бони рохс, уони нифсæй цæрæн, лæууæн нæ къæхтæбæл.


8


## КОНКУРС



### УÆРÆСЕ КЪАРЕСÆГИ ЦÆСТИНГАСÆЙ

Уæрæсей еугур регионти дæр 26 июли райдæдта къарти Национ конкурс «Зонунадæ. Уæрæсе». Е цæудзæнæй 5 октябри уæнгæ. Архайуни равгæ ба си ес нæ бæсти цæргутæй еугуремæн. Ерис арæзт цæудзæнæй фондз номинациеми: наукæ æма технологитæ, аййевадæ æма спорт, æрдзæ, адæм, архитектурæ æма урбанистикæ. Кæронбæттæни æвзурст æрцæудзæнцæ 65 уæлахезони – алли номинаций дæр еу раздзæуæг æма дæс лауреати.

Хабæрттæ бæлвурддæр базонæн ес Уæрæсеуон æхсæнадæ «Зонундзийнадæ»-йи сайт æма проект социалон хизæгти: «ВКонтакте», «Телеграм».

***Недзаманти цæрæг еу хенвæрсон лæхъуæн, еудадзуг æхе æстудта, æз, дан, зундгин дæн, уомæн æма дзубандитæ кæнун берæ философти хæццæ. Уæд ин Эпиктет (рагон ромаг философ) уотæ: «Мæнæн дæр гъæздуг адæмæй берæ зонгитæ ес, фал уæддæр гъæздуг ба нæ дæн...» Кæмæйдæр хе æстауагитæ нур дæр нæмæ хъæртунцæ.***

## УÆЛАХЕЗОНТÆ




Сахарти цæрунæн æнцон фадуæттæ исаразуни VIII Еугуруæрæсеуон конкурси нæ республикæ фæуухаехез æй дууæ фæлгæтеми. Фиццаг хатт номинаци «Историон цæрæнуат»-и рамулдта Наригъæуи проект. Номинаци «Минкъий сахартæ»-йи ба фиццаг бунат байахæстонцæ Æрæдон æма Дигорæ. Аци мадзал арæзт цæуй 2018 анзæй фæстæмæ Уæрæсей Федераций Президенти фæдзæхстмæ гæсгæ. Конкурс «Минкъий сахартæ æма историон цæрæнуæттæ», программæ «Сахарти цæрунæн æнцонвадуæттæ исаразун»-и фæлгæти фæрци нерæнгæ берæ æхсæнадон бунæттæмæ зилд æрцудæй. Уæхæн конкурстæ фадуат дæттунцæ æхсæнадон бæстихæйттæ бахузæнон кæнунæн, нæуæг фæлладуадзæн бунæттæ байгон кæнунæн.

## ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆ ГЪÆУАЙКÆНУЙНАДÆ



Медицинон реабилитаций берæкъабазгин центр Беслæни арæзт æрцæудзæнæй 2025 анзмæ. Уодзæнæй си травматологийи, ортопедийи, неврологийи, реанимацийи, интенсивон терапийи, психологийи, физиотерапийи æма æндæр хайæдтæ. Проектмæ гæсгæ, центри уодзæнæй 111 бунати. Центри еугур хайæдтæ дæр исефтонг кæндзæнæнцæ нуриккон реабилитацион косæнгæрзтæй.

Нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради пресс-службæ куд игъосун кæнуй, уотемæй аци центр исаразуни фæдбæл бадзурд бафинста компани «ПремиумСтрой-Кавказ»-и хæццæ. Куд бадзубанди кодтонцæ, уотемæй аци медицинон косæндонæ гъæуама арæзт æрцæуа дууæ анземæ.

## АХУРАДÆ



Сæдæ адæймагемæй фулдæр си архайдтонцæ, уотемæй Цæгат-Кавказаг аграрон-технологон колледжи æрæги рацудæй «Профессионалтæ», зæгъгæ, профессионалон дæсниадæй чемпионати цæгатиристойнаг æвзарæн хай. Нæ бæсти 51 регионей минæвæрттæ хуæздæр специалистти ном райсунбæл ерис кодтонцæ мæнæ ауæхæн дæсниæдтæмæ гæсгæ: «Ирон къеретæ фицун», «Агоридорæй сес амайун», «Пеци хæццæ куст», «Гъæдæрмæгæй куст» æма «Сити-фермер».

Нерæнгæ «Ирон къеретæ фицун»-и фиццаг бунат байахæста Кокайти Илонæ, иннæ цуппар компетенций минæвæрттæ ба хуæздæрти ном райсунбæл ерис кæндзæнæнцæ фæззæги Петербурги, уоми рацæудзæнæнцæ «Профессионалтæ»-йи чемпионати кæронбæттæни еристæ.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ.

Берæфатерон цæрæн хæдзæрттæ капиталон цалцæггæнæн куститæн феддонти минкъийдæр бæрцæ 2024 анзи исуодзæнæй 6,20 соми цæрæнбунати еумæйаг фæзуати еу квадратон метрæн (2022 анзи еци бæрцæ адтæй 5,92 соми).

* * *

**Ирон-дигорон фæсевæдæй нуртæккæ Иристонæй еуварсдæр рауæнти ка цæуй, уони устур къуарæн равгæ фæцæй, «Фæсарæнти цæрæг æмзæнхонти хæццæ æмархайд æма гуманитарон бастдзийнæдти райрæзт», зæгъгæ, дæлпрограмми фæрци сæ фидтæлтиккон бæстæ бабæрæг кæнун. Етæ ’рбацудæнцæ куд фæсарæйнаг цалдæр бæстемæй, уотæ Уæрæсей регионтæй дæр. Сæ балций рæстæг архайдтонцæ культурон-зонадон аллихузон мадзæлтти, адтæнцæ нæ республики историон-æрдзон рауæнти.**

* * *

Республикон онкологон диспансери материалон-техникон уавæртæ фæххузæнондæр кæнуни нисанеуæгæй гъæуама арæзт æрцæуа 9 миллион сомей бæрцæбæл контракт. Никки ма 5 миллион соми гъавунцæ радех кæнун Æрæдони районы центрон сæйгæдони магнитон-резонансон томограф ниввæрунæн – уордæмæ ’й гъæуама баласонцæ августи.

* * *

**Уæрæсей алли регионтæй 45 волонтери æрæмбурд æнцæ нæ республики, цæмæй æнхæстгонд цæун райдайа Цæгат Иристони, Мæхъæли æма Дагестани волонтерти сæрмагонд Æхсæндуйнеуон проект «Хæлардзийнади надамонæг цирæгътæ. Кавкази мæсгутæ». Аци мадзал æнхæстгонд цæуй æхсæзæймаг хатт, æма æ нисанеуæг æй алли адæмихæттити ’хсæн лæдæрундзийнадæ æма нимайундзийнадæ федардæр цæмæй кæна. Проекти архайгутæ фæддех æнцæ æртæ къуаребæл. Уонæй еу къуар «Хъонахъ» – косдзæнæй Алагири районы Хурумти мæсуги; къуар «Цæргæстæ» – Мæхъæли мæсгути комплекс «Харп»-и; къуар «Хуæнхæгтæ» – Дагестани гъæу Зæронд Хиндахи мæсуги.**

* * *

«Уæрæсей раздзæугутæ», зæгъгæ, конкурси регионалон хаймæ рацудæнцæ Цæгат Иристони æхсæз минæвари. Аци ериси ахедундзийнадæ агъазиау ке æй, уобæл æрæги цудæй дзубанди сæрмагонд проект «Уæрæсе – равгити бæстæ», сæрдареуæг си кодта Владимир Путин.

## ГЪУДДАГ ÆНТÆСТГИН ИСУЙ РАУОНЦИУОНДЗИЙНАДИ ФÆРЦИ



# ГЪÆУУОН ФÆЗУÆТТИ ИРÆЗТÆН

Æрæги Цæгат Иристони косæг балций адтæй Уæрæсей Федераций гъæуузон хæдзаради министри хуæдæййевæг **Оксанæ Лут**. Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** хæццæ фембæли рæстæг æрдзубанди кодтонцæ зайæгойтæ æма фонсдаруни кустади, минкъий гъæуузон амалгъонадæ, гъæуузон туризм æма республики агропромышленон комплекси идарддæри ирæзти хæццæ баст æндæр ахсгиаг фарстатæбæл.

Сергей Меняйло æма Оксанæ Лут бабæрæг кодтонцæ Рахесфарси районы Хумæллæги гъæуи спортивон комплекси арæзтадæ – е æй, Цæгат Иристони паддзахадон программæ «Гъæууон фæзуæтти комплексон ирæзт»-и фæлгæти арæзт ка цæуй, еци агъазиау объекттæй еу. Куд нисангонд цæуй, уотемæй тагъд рæстæги гъæуама æ куст райдайа. Уоми гъæууон фæсевæдæн хуарз равгитæ уодзæнæй спорти алли хузти къуæртти архайунæн.

Делегаций иуонгтæ Ирæфи районыуогæй, æркастæнцæ, Чиколай гъæууон спортивон æма æнæнездзийнадæ федаркæнуйнадон комплекси арæзтади куститæ куд цæунцæ, уомæ. Аци гъæуи ма фæуунтæбæл æй Фадзайти Арсени номбæл сувæллæнтти-фæсевæдон спортивон скъолай арæзтадæ.

Еци рауæнтæ бабæрæг кæнгæй, Оксанæ Лут уотæ загъта:

– Абони мах Цæгат Иристони цуппар районеми берæ объекттæ бабæрæг кодтан. Республики еугур районтæ дæр зæрдиагæй архайунцæ гъæууон фæзуæтти ирæзти проектти. Уæлдай цæмæдесагдæр мæмæ фæккастæй Хумæллæги спорткомплекси арæзтадæ. Е хуарз дæнцæн уодзæнæй иннæ гъæутæн дæр. Цуппар анземæ Цæгат Иристонæн федералон бюджетæй лæвæрд æрцудæй 3,8 миллиард соми. Е Цæгат Кавкази федералон зилди æй тæккæ фулдæр бæрæггæнæн. Иннæ анзмæ дæр нæмæ республикæй ес устур курдиадæ, берæ объекттæ бацудæнцæ проект «Нуриккон гъæууон фæзуати бакаст»-мæ. 2024 анзи бюджет аразгæй архайдзинан нæ финансон равналæнтæбæл æма фæййагъаз кæнунбæл.

Дзубанди ма цудæй уой фæдбæл дæр, æма республики ке ирæзуй гъæууон минкъий амалгъонадæ. 2023 анзи еци гъуддагæн паддзахадон агъази хузи радех кодтонцæ 333 миллион соми. Анзи фиццаг æмбеси бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, фæрæзнитæ райстонцæ 95 адæймаги хе хæдзарадæ исаразунмæ æма æндæр нисантæн.

Дигори районы Оксанæ Лут бабæрæг кодта Хæтæгти Артури фермерон хæдзарадæ. Е грант райста фонсдарæн ферми арæзтадæн. Кирови районы ба базонгæ ’й гъæууон кооператив «Ирдхуз балер»-и кусти хæццæ. Аци анз паддзахадон агъази фæрци кооператив балхæдта кæсæлгитæласæн æма уазалгæнæн нуриккон техникон фæрæзнитæ.

Гъæууонхæдзарадон къабази райрæзтбæл дзоргæй, Сергей Меняйло баханхæ кодта:

– Фермерон хæдзарæдтæ æма кооперативтæн агъаз, гъæууон фæзуæтти ирæзт нæ республикæн æнцæ æнæмæнгæ гъæугæ гъуддæгутæ. Нуриккон аккаг царди уавæртæ си аразгæй, нæ бон бауодзæнæй гъæутæй цæргути рацуд бауорамун, æригон фæлтæри гъæууон фæзуæтти цæрунмæ, уонæми идарддæри ирæзти гъуддæгути архайунмæ æма си сæ карни хабæрттæ аразунмæ разæнгард кæнун. Еци гъуддаги нин устур агъазгæнæг æй Уæрæсей Федераций гъæууон хæдзаради министрадæ. Дууæ къуæрей размæ нин, гъæууон фæзуæтти ирæзти программи фæлгæти, радех кодтонцæ нæуæг фæрæзнитæ сувæллæнтти рæвдауæндонæ æма æртæ донуадзæни арæзтадемæн.

## ЦАРД ÆМА ЭКОНОМИКÆ

### КУСТÆГТÆ – ХÆРХÆ, ÆНХÆСТ КÆНУН СÆ ФÆРАЗÆ!..

Нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** æрæги исаразта Оперативон штаби æмбурд, кæцими дзубанди цудæй абони санкцити уавæрти дæр Цæгат Иристони социалон-экономикон райрæзт цæмæй идарддæр дæр æнæхъортæй цæуа, уой туххæй райаразуйнаг мадзæлттæбæл.

Фиццагидæр, социалон къабæзти арæзтæдти, уонæми кæцидæр объекттæ цалцæг кæнун, кенæ бундоронæй райаразуни хæццæ баст фарстатæбæл дзубандийæн кæронбæттæн искæнгæй, Дзанай-фурт загъта:

– Аци анз нæ республики арæзт æма цалцæггонд цæунцæ, социалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, инфраструктури уæхæн 200 объекти – скъолатæ, сæйгæдæнттæ, рæвдауæндæнттæ, хæдзарадон-коммуналон хизæг, нæдтæ. Берæ ахсгиаг фарстатæ гъæуама лухгонд æрцæуонцæ. Уæ еугуремæй дæр домун, цæмæй бæрнондзийнадæ равдесайтæ, аци куститæ æнхæст кæнгæй, кæрæдземæ ма кæсетæ. Еугур проекттæ дæр гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ амунд æмгъудтæмæ хуарз хуæрзгъæдæдзийнади хæццæ. Сæрмагонд цæстдард, национ проекттæ æма паддзахадон программити фæлгæти арæзт ка цæуй, еци объекттæмæ – аци анз син уагъд æрцудæй 13,5 миллиард соми.

Нæкæси, Уæрæсей арæзтадæ æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министри хуæдæййевæг **Юрий Гордеев** æрæги Дзанайти Бариси хæццæ син ци фембæлд адтæй, уоми уотæ загъта:

– Зонун æй, республики нуртæккæ берæ ахсгиаг социалон объектти арæзтадæ æма бундорон цалцæг ке цæуй, уой. Еци объектти фæдбæл бæлвурд амунддзийнæдтæ равардтонцæ Президент **Владимир Путин** æма Хецауади Сæрдар **Михаил Мишустин**. Зæгъæн, Алагири бундорон æгъдауæй райараздзæнæнцæ донæфсесади системитæ, Беслæни ба – донæфсесадæ æма канализаций хæтæлтæ… Амунд объекттæн сæ еу хай арæзт æма цалцæггонд цæунцæ федералон инвестицион программи фæлгæти – уони цæттæдзийнадæмæ комкоммæ цæстдард ес Уæрæсей Арæзтади министради ’рдигæй.

Æмбурди хатдзæгтæ бахинцгæй, дзуапдæттæг уагæдæнттæн лæвæрд æрцудæй бæлвурд фæдзæхститæ. Еузагъдæй, куститæ – хæрхæ, æма сæ æнхæст кæнун кæмæн барæгонд æй, етæ гъæуама бæрнонæй байархайуонцæ уони афойнадæбæл æма гъæугæ хузи сæ рахецæн кæнунбæл.

**Зундгонд актер, режиссер, журналист, Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæг Баскати ... фурт Урузмæгбæл 3 августи æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!..**



# ЕСКÆБÆЛ АУОДГÆЙ ДÆХЕ ДÆР МА ИРОНХ КÆНÆ!..

Æма æргомæй коргæ ку неци кæна, уæддæр æ зæрдæ ба кæбæлдæрти фæддаруй: «Фæййагъаз кæнун мин дæ бон æй?..» Нæ рагфидтæлтиккон æгъдæуттæмæ гæсгæ ба адæймагæн багъæуаги фæййагъаз кæнун табуйаг ихæсбæл нимад цудæй æма – Хуцауæй боз! – нерæнгæ дæр ма нимад цæуй.

Мадта адæмтæй кедæр агъаз ку багъæуй, уæд иннæ адæмихæттитæ дæр сæхе нæ райеуварс кæнунцæ, ци сæ бон фæуй, уомæй фæккæсунцæ.

Идæрдтæбæл нæ дзордзинан. Абони уæхæн агъазгъæуагæ 'нцæ Донбасси регионти берæ рауæнтæ. Æма еци гъуддаги архайуй Цæгат Иристон дæр.

Зундгонд куд æй, уотемæй æрæги нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æма Запорожьей облæсти губернатори ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Евгений Балицкий** бафинстонцæ дууæ регионей æхсæн æмгустади бадзурд. Уой бундорбæл рапарахат уодзæнæй базарадон-экономикон, наукон-техникон æма социалон-культурон æмархайд. Еци гæгъæдити бундорбæл Цæгат Иристон æмцерадæ кæндзæнæй облæсти Чернигови районбæл дæр.

Æма нисангонд мадзæлттæ куд гъæуама æнхæстгонд цæуонцæ, уой фæдбæл бундорон дзубанди цудæй æрæги республики Хецауади иуонгтæ æма муниципалитетти разамонгути алликъуæреуон æмбурди. Разамунд ин лæвардта Сергей Меняйло, æма аци фарстай фæдбæл æ радзубандий профилон министрадти минæвæрттæн байхæс кодта, цæмæй исаразонцæ Чернигови районти социалон-экономикон къабази объекттæ бахузæнон кæнуни пълантæ. Амунд нисантæбæл косгæй, унаффæ хаст æрцудæй, цæмæй хæстæгдæр рæстæг Чернигови районмæ æрвист æрцæуонцæ сæрмагонд цалцæггæнæн бригадитæ. Етæ районй цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради объекттæ бацæттæ кæндзæнæнцæ зумæги уавæрти кустмæ.

Ахурадæ æма науки Министрадæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй Чернигови районти скъолатæ æма библиотекитæн бамбурд кæнонцæ гъæугæ киунугутæ. Арæстадæ æма архитектури Министрадæ ба еци районмæ рарветдзæнæй, уоми ахурадон косæндæнтти цалцæги куститæ ка бакæна, уæхæн бригадитæ. Республики разамонæг куд байхæс кодта, уотемæй районти ахурадон косæндæнтти цалцæггæнæн куститæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ фицгаг сентябрмæ.

* * *

Агъазгъæуагæмæ фæккæсун, гъайгъайдæр, арфиаг фæндæ æй, фал уой хæццæ ба хе райаразуйнаг гъуддæгутæ дæр гъæуама къулумпигонд ма цæуонцæ. Уой нимайгæй, æмбурди архайгутæ се 'ргом раздахтонцæ, нæ республикæн ахсгиаг ка 'й, еци фарстатæмæ. Зæгъæн, дзубанди цудæй, Уæрæсей Хецауади федаргонд программити бундорбæл республики хæстæгдæр рæстæг ци ахсгиаг социалон объектти арæстади æма цалцæги куститæ райдайуйнаг æнцæ, уонæбæл.

– Арæстадæ æма цалцæги пълантæмæ хаст объектти фæдбæл еугур бадзурдтæ дæр гъæуама федаргонд æрцæуонцæ 1 августмæ, – байамудта Сергей Меняйло.

* * *

Нæ рагфидтæлтæй ма нин байзадæй ауæхæн загъд дæр: «Еске зундæй зунд нæййес!..» Æвæдзи, е бустæги раст нæй. Зундгин гъæуама æхе зунди цитгиндзийнадæ дæр равдеса, уæдта еске зундæй дæр æхецæн пайда райса. Уомæн ба фадуат фæууй еумæйаг фембæлдтитæ æма гъуддæгутæ аразуни фæрци.

Æма уæхæн равгæ исуодзæнæй Æхсæндуйнеуон равдист форум «Уæрæсе», кæци Мæскуй рацæудзæнæй адæмон хæдзаради æнтæстдзийнæдти Равдисти фæзуати аци анзи ноябрæй ба иннæ анзи апърели уæнгæ. Архайдзæнæй си Цæгат Иристон дæр. Уомæ бацæттæ кæнуни куститæ ба 'нцæ бæрæггонд экономикон ирæзти министрадæн, кæций минæвæрттитæ загъдмæ гæсгæ нерæнгæ косунцæ, республикæн форуми ци урух экспозици уодзæнæй, уой концепцибæл. Куд нисангонд цæуй, уотемæй Цæгат Иристони цард урух æвдист æрцæудзæнæй экспозиций æрмæгути. Стендтæбæл æвдист цæудзæнæнцæ республики промышленность æма гъæууон хæдзаради, наукæ æма ахуради, туризм æма иннæ къабæзти цæмæдесагдæр проекттæ. Уæрæсейаг регионти уагъд продукци уæйæгонд цæудзæнæй сæрмагонд армукъати. Форуми программи уодзæнæнцæ инновацион проектти презентацитæ, инвесторти хæццæ фембæлдтитæ, экономикон æма социалон фарстати хæццæ баст «цæлхæмбурдтæ» æма æндæр мадзæлттæ.

Еузагъдæй, байархайун гъæуй, цæмæй еци мадзали рæстæг æнхæстæй æвдист æрцæуонцæ Цæгат Иристони хиццагдзийнадтæ, æ гæнæнтæ æма равгитæ, цæмæй нин фулдæрæй-фулдæр фадуæттæ фæззинна нæ республики идардæдæри социалон-экономикон æнтæстгин райрæзтæн.

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ.*

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



Цæветтонгæ, 1945 анзи мартъий советон æфсæдтæ размæ æмпурсгæй кæцидæр цæугæдони сæрти ци хедбæл фæддониуордæг адтайуонцæ, уой немуц ниддæрæн кодтонцæ. Уой фæдбæл Сталин фæдздзурдта инæлар-болкъон Николай Нагорныймæ (уæд е адтæй Нихмæуæлдæфон гъæуайкæнуйнади æфсæдти Сæйраг штаби хецау) æма ин загъта:

– Дæхе нæма æрауигътай?.. Иннæ хатт ма дæмæ ку фæдздзорон, уæд дин хуæздæр уодзæнæй ме 'нгæрон куд нæ фæззиннай…

Еума хабар. 1987 анзи немуцаг лæхъуæн Матиас Руст æ хуæдтæхæгбæл хевастæй æрбатахтæй Советон Цæдеси арæнти сæрти æма æрбадтæй Мæскуй Сурх фæзи. Еци аллайаг цауи туххæй æ бунатæй уæгъдæгонд æрцудæй нæ бæсти гъæуайкæнуйнади уæди министр Сергей Соколов, нихмæуæлдæфон гъæуайкæнуйнади æфсæдти командæгæнæг Алексей Колдуков, кæстæр афицертæй æртæсæдемæ хæстæг. Нур ба?..

* * *

*Уотæ нæ зæгъæн, æма, Хъиримаг хедмæ дууæ хатти ниббурсун знагæдæгæнгутæн ке бантæстæй, уомæй фудгин ка 'й, етæ цæмæй сæхе æрауиндзонцæ (нæкæси, инæлар-болкъон Нагорный ма берæ рæстæгути феслужбæ кодта Советон Æфсади бæрнон бунæтти), кенæ æндæр хузи æфхуæрд байафонцæ. Уæхæн тæрхæнттæ кæнуни бартæ нæмæ нæ хауй. Фал, еци бартæ кæмæ 'нцæ, етæ ба фæстаг рæстæги æвверхъау цаутæй гъæугæ хатдзæгтæ гъæуама искæнонцæ. Æфхуæрд ба гъæуама æрцæуонцæ айдагъ нæхердигæй фудгинтæ нæ, фал еци фудракæндтити исаразун ка исфæндæ кодта æма сæ ка исаразта, етæ дæр, уой дæр уæхæн карз хузи, цæмæй сæ фуртæссæй биз-биз кæнонцæ æхсæвæй-бонæй.*

**Виктор ХРИСТЕНКО, Уæрæсей Хецауади раздæри разамонгутæй еу: «Лæмбунæг ку 'ркæсæн, уæд чиновник æ бæрниконд къабази уагæбæл гъæуама дзуапп дæтта æ къæлæтгинæй…»**



* * *

Æ аци загъд, цума, æхемæ гæсгæ нури хецаудзийнади уæлбæрзондбадгутæмæ (нæкæси, се 'хсæн ин си ес хеуæнттæ, æрдхуæрдтæ дæр...) дæр хауй?.. Уонæмæ дæр адæми 'рдигæй берæ уайдзæфтæ ку разиндзæнæй сæ кусти гъæндзийнæдти фæдбæл.



**Андрей КОСТИН, Æндагон базаради Банки (ВТБ-и) сæргълæууæг: «Уæрæсей банкти къабазæ, санкцитæмæ дæр нæкæсгæй, æхе хатуй нифсгунæй…»**

* * *

Æма куд нæ хата!.. Кæд æма, зæгъæн, хумæтæг адæмæн нури тухстаг уавæрти рæстæги дæр Костинæн æ есбонадæ нимад цæуй дæсгай милион доллæртæй, æ еу косгæ бони мизд ба, дан, исуй… цалдæр миллиард соми. Æма уотемæй æхе нифсгунæй цæмæннæ ба хата…

**Анатолий ВАССЕРМАН, зундгонд алцизонæг, Паддзахадон Думи депутат: «Кæсгæ 'й нæ бакодтон, фал æй фаугæ ба кæнун, зæгъгæ, фæткæ нæма абони дæр æ тæккæ деденæгæфтауæни æй…»**



* * *

Кадæр цидæр киунугæ нæ бакастæй, кенæ цæйдæр фæдбæл дан-дунтæмæ гæсгæ фаунтæ байдайуй, уомæй уоййасæбæл зæран нæййес. Кæмити зарæнхæссæг дæр æй нæ депутатти «архайди» фæткæ: беретæ си закъонти проекттæ кæсгæ дæр нæ бакæнунцæ, уотемæй сæбæл аразийæй исгъæлæс кæнунцæ. Æма уой фæсте ба рагъæр уй, еци закъонтæн си зингæдæр хай зæранæй уæлдай паддзахадæн дæр æма адæмæн дæр æгириддæр пайдахæссæг ке нæ 'нцæ, е…

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ÆРДЗÆМÆ ÆРХÆНДÆГ РÆСТÆГУТÆ НÆЙЙЕС?..

Бонигъæди уавæр ци хузи фæззиннуй дæ кемибæл? Уæхæн фарста дзиллон цæстингас æртасгутæ равардтонцæ Уæрæсей алли рауæнти алли кари цæргутæмæ. Æма етæ ци дзуæппитæ равардтонцæ, етæ ба еумæйагæй рауадæнцæ мæнæ ауæхæн (нимад цæунцæ процентæй).



**а) Бонигъæдæ цæйбæрцæбæл хуæздæр уа, уойбæрцæбæл хуæздæр æй мæ кеми дæр – 59,6%**

**б) Уарзун лæгъуз бонигъæдæ, уарун æма лæпъæда – 28,9%**

**в) Хъæбæр æстæн мæ зæрди уагæ баст фæууй бонигъæди хæццæ – 9,4%**

**г) Бонигъæдæ æма мæ зæрди уагæ кæрæдзей хæццæ æгириддæр баст нæ фæуунцæ – 2%**



**Дессаги зæрдтагон бæрæгбон гъæуама бæрæггонд цæуа 30 июли – æрдхуарддзийнади Æхсæндуйнеуон бон. Е уин равгæ дæттуй уе 'рдхуæрдæбæл ратабедзæ кæнунæн æма си испайда кæнетæ!..**

*Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Гæрр, аци алæмæти дзæбæх дуйней, æгæрон стъалугин арви бунмæ адæмæн уоййасæбæл унгæг æй? Гæрр, аци райдзаст, зæрдæмæдзæугæ æрдзи астæу адæймагмæ фудæнхæ, маст куд гъæуама райгура æма æхе æнгæс цæрдуод фæлдесонти цæгъдун куд райдайа?..»*



ТЕМУРТИ Кермен
СИГОВ Дмитрий

# ИРИСТОЙНÆГТÆ ЦАДÆ ХАСАНИ ТУГЪДИ

Нæ Фидибæсти тугъдон намуси æвдесæнтæй еу æй, Идард Скæсæни цадæ Хасани рæбун Сурх Æфсад япойнаг-маньчжураг æрдонгтæ ку ниддæрæн кодта, еци ахсгиаг уæлахез. Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ, 1938 анзи 29 июли етæ гадзирахаттæй æрбампурстонцæ нæ бæстæмæ, Хасани цади рази байахæстонцæ Заозерный æма Æнæном обæуттæ. Арæни сæрти æрбахезгæй, япойнаг самурайтæ доргин фæхстæбæл уайтæккæ къахун райдæдтонцæ акъоппитæ, ауон кодтонцæ сæ дзармадзантæ æма пулеметтæ.

ССР Цæдеси Гъæуайкæнуйнади Адæмон Комиссари бардзурд æнхæст кæнгæй, Идардскæсæйнаг фронти Тугъдон Совет 39-аг æфсæддон корпуси тухтæ исаразта æрбампурсæг знæгтæн бæрзæйсæттæн цæфтæ никкæнунмæ. Арæнгъæуайгæнгутæн фæййагъаз кæнунмæ ка фæффæдес æй, еци æфсæддон хæйтти адтæнцæ иристойнæгтæ дæр.Уони туххæй æ рæстæги финста зундгонд тугъдон историк, историон наукити кандидат Худæлти Темирсолтан. Е ке туххæй финста, уонæн сæ еугурей туххæй радзоруни фадуат нин нуртæккæ нæййес, фал ин æ бацæттæгонд æрмæгутæй испайда кæнгæй, абони уин радзордзинан нæ еци бæгъатæр æмзæнхонтæй дууей туххæй.

Уонæй еу – Темурти Елхъани фурт Кермен – райгурдæй Ирæфи районы Секери гъæуи. 1937 анзи каст фæцæй Орджоникидзей Сурхтурусагин æфсæддон скъола. Æригон лейтенанти идарддæр службæмæ рарвистонцæ Идардскæсæйнаг Хецæн Сурх Æфсади 40-аг Сурхтурусагин дивизий 120-аг полкмæ. Кермен ами командæ кодта курсантти взводæн. Хасани тугъди размæ ба нисангонд æрцудæй полкки пулеметон роти командирæй.

Адтæй фæлладуадзæн бон. Ротæ æрæнцадæй гъæдрæбун. Æфсæддонтæ кастæнцæ газеттæ æма журналтæ, ахæстонцæ кæсалгæ, кодтонцæ спортивон гъæзтитæ. Æвеппайди – фæдес! Сæхе рарæвдзæ кодтонцæ. Ротæ фæрраст æй Хасани цади 'рдæмæ.

Знаги хæццæ тохи бацæуни размæ корпуси æфсæддон хæйтти адтæй партион æма фæскомцæдесон æмбурдтæ. Уоми федар дзурд лæвардтонцæ, еунæг сурхæфсæддон дæр тохи ке нæ фæккеудзæнæй, Райгурæн бæсти зæнхæй еунæг гæппæл дæр знагæн ке нæ ратдзæнæй. Уæхæн æмбурдтæ адтæй Темури-фурти пулеметон роти дæр. Фæскомцæдесон æмбурди æригон лейтенант командæкæнуйнадæн зæрдæ байвардта, зæгъгæ, роти пулеметти нæмгутæ самурайтæбæл уайдзæнæнцæ ехуарæгау, ротæ алцидæр бакæндзæнæй фестæг æфсæдти размæ бампурстæн над ракæдзос кæнуни туххæй.

Е адтæй 6 августи 16 сахаттебæл. Советон уæззау хуæдтæхгутæ япойнæгтæбæл никкалдтонцæ бомбитæ. Лейтенант Темури-фуртæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй æ пулеметон ротæ фадуæттæ исараза Заозерныйmæ æмпурсæг фестæг æфсæддон хæйттæн. Е æнцон гъуддаг нæ адтæй. Хасани цадæ къуар рауæнеми арф бацудæй къæдзæхгин бунæттæмæ. Самурайтæ сæхе æрфедар кодтонцæ уæхæн æдас бунæтти. Пулеметтæй æхсгути цæун гъудæй астæумæ дони. Заозерныйи байеудагъ æй тогкалæн тугъд. Синдзгун телтæ лух кодтонцæ кæрдæнæй, рæмугътонцæ сæ гранаттæй. Пулеметæйæхсгутæн агъаз кодтонцæ артиллеристтæ, уотемæй цудæнцæ размæ. Арв æма зæнхæ байеу æнцæ. Фестæг сурхæфсæддонтæ пулеметæйæхсгути хæццæ еумæ æхсæвæ бампурстонцæ размæ. Обауи сæрмæ исфеллаудта Сурх туруса.

Исфеллаудта уæлахези туруса. Айдагъ Темури-фурт нæ адтæй обауи сæрмæ. Лæгæй-лæгмæ атаки бацæугæй, Кермен разæнгард кодта иннети дæр, фал æй баййафта знаги нæмуг. Рахаудтæй. Æ сæрмæ – стъалугин арв. Сæнттæ 'й фæххастонцæ райгурæн Иристонмæ, цума Секери бæхтæ хезгæй, æхе уæлгоммæ кæрдæгбæл æруагъта... Æ тог калдæй, уой лæдæрдтæй, фал æ бон фезмæлун нæ адтæй, е 'мбæлтти уæлахези «ура» ин æнцондæр кодта æрист.

Владивостоки госпитæлæй ку рацудæй, уæд Темури-фурти реубæл фæззиндтæй Тугъдон Сурх Турусай орден. Устур Фидибæстон тугъди æнзти Кермен куста Владивостоки тугъдон комиссаради.

Хасани тугъди бæгъатæрдзийнадæ равдиста сурхдигойраг лейтенант Биазæрти Михали фурт Сергей. Взводи æригон командир фæммард æй Æнæном обаубæл тохи. 32-аг фестæг дивизий æфсæддон газет финста Биазæрти æхсаргин лейтенанти туххæй. Сергейи взвод мæрдтæмæ барвиста дæсгай самурайти. Æнæном обауи фæхстæбæл атаки цæуæг æригон лейтенанти размæ февзурдæй япойнаг афицер æхсаргард æлвæстæй. Биазæри-фурти дамбацай нæмуг нæбал адтæй. Æхсаргарди мæлæтдзаг цæфи фæсте лейтенант æвеппайди æрбамбурд кодта æ фæстаг хъауритæ, фæллæбурдта самурайи къобалæмæ æма 'й ниххорх кодта. Æрбалæборгутæмæ Сергейи маст уотæ хъæбæр рахсистæй, æма е 'нгулдзитæ знаги къобалæй исуæгъдæ кæнун нæбал кумдтонцæ.

ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ Биазæрти Сергейæн æ тугъдон намуси туххæй лæвæрд æрцудæй Ленини орден. Сурх-Дигори ба ин æ гъæуккæгтæ исæвардтонцæ номерæн цирт.

Хасани тугъди япойнаг самурайтæ дæрæнгонд æрцудæнцæ 1938 анзи еуæндæсæймаг августи. Фал уæд махæй алке нæма зудта Заозерный æма Æнæном обæуттæбæл тугъдтити фæсте нæ Райгурæн бæстæмæ никки агъазиаудæр фæлварæн ке æнгъæлмæ кастæй. Нæ сæрмæ сау мегътæ æмбурд кодтонцæ Нигулæнæй. Хасани, Халхинголи æма уорсфиннæгти хæццæ тугъдтитæ адтæнцæ сæ уацхæсгутæ. Æма Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд æхсист хасайнæгтæ кæронмæ рандæнцæ сæ намуси надбæл.

Хасани тугъди бæгъатæр Биазæрти Сергейи æнсувæртæ Цæрай æма Амурхан гитлерон фашистти нихмæ тохти равдистонцæ æхсарæ æма лæгдзийнадæ. Цæрай адтæй батальони комиссар, Амурхан ба знагæй æ маст иста партизанти къуари Украини зæнхæбæл.

Хасани цади рæбун тугъдтити ма фескъуæлхтæй ном дзуд тæхæг Сигов Дмитрий Ивани фурт. Уæлдай æхсаргинæй ба æхе равдиста Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Цæгат Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити. Фæмард æй 1942 анзи 26 октябри, байвардтонæ *й Беслæни. Абони æ рохс ном хæссунцæ гъæунгтæ Беслæни, Донбасси, Новосибирски...

Хасани тугъди не 'мзæнхонтæй ма бæргæ гъæуама архайдтайдæ нæ номдзуд æфсæддон раздзæуæг Хетæгкати Ивани фурт Геуæрги дæр. Цæветтонгæ, майор Хетæгкай-фурт 1937 анзи августи нисангонд æрцудæй Хабаровски Идардскæсæйнаг æфсæддон округи Сæйраг командæкæнуйнади резерви, уæд нæуæгæй исарæзт 181-аг артиллерион полкки командирæй. Сурх Æфсади инсæй анзей бæрæгбони хуæдразмæ, 1938 анзи 17 феврали не 'мзæнхонæн афонæй раздæр лæвæрд æрцудæй болкъони цин. Еци анзи мартъий ба 'й рарвистонцæ Ленинградмæ Ф.Э. Дзержинскийи номбæл академий рази Уæлдæр академион къурситæмæ. Хъæбæр разæнгардæй си бæргæ ахур кодта, фал ин си кæронмæ ахургæнгæ нæ рауадæй: уæдмæ цадæ Хасани рази тугъд ке райдæдта, уомæ гæсгæ имæ фæстæмæ уордæмæ фæдздзурдтонцæ. Æма Хабаровскмæ æрбаздахтæй, тугъд æ тæккæ карзи ку адтæй, уæд. Раст вакзалæй фæннæхстæр æй округи штабмæ. Уоми ба ин загътонцæ: «Дæ полк цурхæ эшелонти æма цæугæ Биробиджанмæ!..» Е адтæй 1938 анзи 11 августи æхсæвæ, сæумæй ба япойнаг æрбалæборгутæ фæлледзæги 'нцæ æма уоййадæбæл еци тугъди хабæрттæ фæцæнцæ, япойнæгтæ фæммулдбæл исарази 'нцæ.

Хасани тугъди фæдбæл нæ абони дзубанди фæуyогæй нæ газеткæсгутæй корæн, кæд уи ескæмæ ес æрмæгутæ, не 'мзæнхонтæй уоми ка архайдта, уони туххæй, уæд нæмæ фегъосун кæнетæ...

Японйнаг самурайти нихмæ цадæ Хасани рази тугъди рæстæг Идард Скæсæни арæнтæбæл советон æфсæддонтæ ци намуси æскъуæлхтдзийнæдтæ равдистонцæ, етæ иронхгæнгæ нæ 'нцæ, уæлдайдæр ба син ахиддæр сæ кой кæнун гъæуй, цæмæй, абони дæр нæ Фидибæсти нихмæ тохмондаг æрра фæндитæ ке сæртæг сæрти æвзурунцæ, етæ æрæскъетонцæ æма 'й лæдæронцæ, ци сæ хезуй махмæ лæборгæй, уой...



Циртдзæвæн БИАЗÆРТИ Сергейæн Сурх-Дигори бæрæгастæу парки.



# УОДИГЪÆДÆЙ – НИФСГУН, ЛÆГДЗИЙНАДÆЙ – ÆНХÆСТ

## УÆРÆСЕЙ УÆЛДÆФОН-ДЕСАНТОН ÆФСÆДТИ БОН БÆРÆГГОНД ЦÆУДЗÆНÆЙ 2 АВГУСТИ

Уæлдæфон-десантон æфсæдти намусгин историйæн фæххецæнгæнæн нæййес еу дессаги цауæй. 1911 анзи уруссаг артиллерий афицер Г.Е. Котельников æргъуди кодта дуйнæй фиццаг парашют. Фæстæдæр Франций æма Америки ци парашюттæ фæззиндтæй, етæ адтæнцæ, Котельников ке 'ргъуди кодта, уой халдехтæ, æ къопитæ.

1930 анзи 2 августи цудæнцæ Мæскуй æфсæддон зилди хæйтти ахуртæ Воронежмæ хæстæг. Уоми фиццаг хатт æфсæддон историй «знаги» фæскъилдунмæ гæлст æрцудæй парашютон десант. Æ фиццаг рагæлстæй дæр бæрæг адтæй тугъдон нæуæгдзийнади ахедундзийнадæ, размæ арф бампурсуни операций теори актуалон ке æй, е. Уæхæн операци дæмдта, знаги арф фæскъилдуни архайунмæ ка гъæуама арæхстайдæ, уæхæн æфсæдтæ нæмæ цæмæй уа, уой.

Æнæнгъæлæги нæй, уæлдæфон-десантон æфсæдти фæззинди æма сæ ирæзти комкоммæ архайæг ке адтæнцæ зундгонд æфсадхонтæ М.Н. Тухачевский, А.И. Егоров, И.П. Уборевич, И.П. Белов æма æндæртæ.

Уæлдæфон-десантон æфсæдти историй адтæй берæ зæрдæбæлдарæн æнзтæ. Устур Фидибæстон тугъди размæ Халхин-Голи тугъдон буцæуи архайдта 212-аг уæлдæфон-десантон бригадæ. Советон-финаг тугъди ба (1939-1940 æнзти) æхсæг хæйтти хæццæ еумæ знаги нихмæ тох кодтонцæ 201-аг, 204-аг æма 214-аг уæлдæфон-десантон бригæдтæ. Десантниктæ рейдтæ аразтонцæ знаги арф фæскъилдунмæ, нимпурстонцæ гарнизонтæмæ, штабтæмæ, бастдзийнади косæндæнттæмæ, исæмтъери кодтонцæ æфсæддон хæйттæн разамунд дæттуни хабæрттæ, æнæнгъæлæги ниццавтонцæ гъæуайкæнуйнадон федæрттæ.

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг уæлдæфон-десантон æфсæдтæ берæ хæттити æрцудæнцæ гæлст знаги фæскъилдунмæ, берæ хæттити ралух кодтонцæ немуцаг-фашистон æфсæдти фæстæмæ цæуæн нæдтæ. Иннæ æфсæдти хæццæ искунæг кодтонцæ знаги æфсæдти. Етæ фескъуæлхтæнцæ Одессæ гъæуайгæнгæй, Кавкази тугъдон архæйдтити, Сталингради тугъди – Устур Фидибæстон тугъди тæккæ агъазиаудæр операцити уæлдæфон-десантон æфсæдтæ алкæддæр адтæнцæ еугурей раззагдæр рæнгъити, цæттæ – цийфæнди зин ихæс æнхæст кæнунмæ. Тугъди æнзти 70 десантникæй фулдæремæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, 30 мини бæрцæй ба паддзахадон хуæрзеугутæ райстонцæ. Уони хæццæ – нæ намусгин æмзæнхонтæ – Советон Цæдеси Бæгъатæр Калоти Геуæрги æма Намуси ордени æнхæст кавалер Иван Цезарь (сæ дуæ дæр – Мæздæги районæй).

Тугъди фæсте æнзти уæлдæфон-десантон æфсæдтæ кодтонцæ хуæздæр, ирæзтæнцæ. Сæ размæ æвæрд ихæстæ æнхæст кæнуни туххæй ефтонгонд цудæнцæ тугъдон хуæдтолгитæй, хуæддзæугæ артиллерион, танкити нихмæ тохгæнæн æма зенитон фæрæзнитæй, уæдта разамунд дæттæн æма бастдзийнади фæрæзнитæй. Нури парашютон-десантон техникæ фадуат дæттуй циуавæрфæнди æрдзон æууæлти æма кæмифæндидæр десант æма уæзæгтæ æргæлдзунæн, сауæнгæ æхсæвигон дæр. Цалинмæ ССР Цæдес нæ ниппурх æй, уæдмæ уæлдæфон-десантон æфсæдти искондi адтæй 7 уæлдæфон-десантон дивизий.

Дуйнæй тугъдон-политикон уавæри ци бундорон æййивддзийнадтæ 'рцудæй, уонæмæ гæсгæ принципиалон æгъдауæй æркæсун багъудæй паддзахади æдасдзийнади æфсæддон ефтонгади цæстингастæмæ, гъудæй сæ фæббæлвурддæр кæнун. Нæуæг æууæлти фæмминкъийдæр æй, уæлдæфон-десантон æфсæдтæ ци ихæстæ æнхæст кæнунцæ, уони бæрцæ. Уой хæццæ еумæ æфсæдти сорзæнхон къуæртти ахидæйахиддæр багъæуй оперативон-тактикон десантти сæр.

Абони уæлдæфон-десантон æфсæдтæ 'нцæ Уæрæсей Гæрзефтонг Тухти Уæлдæр Сæйраг командæгæнæги резерв. Се 'сконди ес цуппар уæлдæфон-десантон дивизий, еу уæлдæфон-десантон бригадæ, уæлдæфон-десантон æфсæдти ахургæнæн центр, тугъдон ефтонгади хæйттæ æма уæлдæфон-десантон æфсæдти Рязани институт.

Ахурадон-тугъдон ихæстæй уæлдай ма десантниктæ æнхæст кæнунцæ бæрнон федаунгæнæн ихæстæ дæр, уони хуссун кæнун багъудæй арт «тæвдæ стъæлфити»: Сомехи, Азербайджани, Гурдзий, Киргизий, Прибалтики, Приднестровьей, Цæгат æма Хонсар Иристони, æнхæст кодтонцæ сæрмагонд ихæстæ Афганистани, Цæцæни æма Дагестани. Абони 1500 десантники 'нцæ Босни æма Герцеговини, еу уойбæрцæ ба – Абхазий.

Беретæ си бавдистонцæ æгæрон бæгъатæрдзийнадæ. Уомæн ирд æвдесæн – аст æма инсæйемæн си аккаггонд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, дæсгæйттæ си иссæнцæ Уæрæсей Бæгъатæртæ, мингай десантниктæ хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ ордентæ æма майдантæй. Бæлвурдæй син сæ нимæдзæ уомæ гæсгæ нæ зæгъæн, æма абони, сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй, уæлдæфон-десантон æфсæдти службæгæнгутæй беретæн аккаггонд цæуй куд Уæрæсей Бæгъатæри ном, уотæ бæрзонд фидибæстон хуæрзеугутæ. Æма уони бæрцæ ба бонæй-бонмæ фулдæр кæнуй, уомæ гæсгæ ба 'й бæлвурдæй зæгъуни равгæ нæййес.

Уотид зæгъунмæ дæр зин æй, фал десантниктæн сæ ирисхъæ уæхæн æй, æма тугъдон цаути архайгæй, се 'фсæддон ихæстæ æхсаргинæй исæнхæст кæнгæй, кадæртæ си, гъулæггагæн, фæммард æнцæ.

Се 'хсæн – Иристони хъæболтæ: гвардий лейтенант Кудзойти Владимир, гвардий кæстæр сержант Токати Валентин (Чернигови Сурхтурусагин, 76-аг гвардион уæлдæфон-десантон дивизийæ); гвардий капитан Къæбулти Мæирбег, гвардий рæнгъон Хъулати Геуæрги (Сурхтурусагин, Кутузови II къæпхæни орденгин 7-аг гвардион уæлдæфон-десантон дивизийæ); гвардий хестæр лейтенант Хъантемурати Денис, гвардий рæнгъонтæ Бæзати Амиран æма Дзасохти Заур (Сурхтурусагин, Кутузови II къæпхæни орденгин 106-аг гвардион уæлдæфон-десантон дивизийæ). Сæ еугурдæр сæ мæлæти фæсте хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ ордентæй, нæ зæрдити ба байзадæнцæ æностæмæ æригонæй.

Уонæй еу – Кудзойти Æхсарбеги фурт Владимир. Ка 'й зудта, æма æ хæццæ усхъæй-усхъæмæ архайгæ кæмæн рауадæй, етæ еугурæйдæр, æ рохс ном ин имисгæй, æнæмæнгæ фæззæгъунцæ: «Æхе нæ римахста е 'мбæлтти фæсаууæнтти...»

Владимир хуæрзæригонæй фæстæмæ бæлдтæй десантник исунмæ. Фиццагидæр, æвæдзи, уомæ гæсгæ æма æ фарсмæ адтæй, уомæ 'й ка исразæнгард кодтайдæ, уæхæн бафæнзуйнаг дæнцæ – æ фидæ, болкъон Кудзойти Михали фурт Æхсарбег æ карнæ æнæгъæнæйдæр иснивонд кодта æфсæддон гъуддагæн. Æ бæлдæ цæмæй исæнхæст адтайдæ, уобæл Валоди æновудæй архайун байдæдта саухъæнгæ скъолай ма ахур кæнгæй – архайдта аллихузон спортивон, зæгъæн, парашютæй гæпгæнæн, дзюдой къуæртти. Скъола хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæуогæй, ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй еумæйагæфсæддон училищемæ, уой каст фæууогæй ба 1994 анзи райдæдта е 'фсæддон службæ. Адтæй парашютон-десантон взводи командир. Тæккæ фиццаг бæнтти балæвардта Кудзой-фурт рапорт, цæмæй æй Цæцæнмæ (уæд уоми тугъд цудæй) рарвистайуонцæ, уой туххæй.

Æ курдиадæ æнхæстгонд ку 'рцудæй, уæдæй фæстæмæ Кудзой-фурт Цæцæни æхсаргинæй æнхæст кодта æ тугъдон гъуддæгутæ. Фал... Тугъд, куд фæззæгъунцæ, тугъд æй, фудбæлахтæ дæр си æрцæуй...1995 анзи 21 апърели Кудзойти Владимир фæммард æй Гудермеси рæбун тугъдтити. Æ реубæл исæмбалдæй знаги цалдæр фати. Уæд ибæл æдеугурæй цудæй дуæ æма инсæй анзи. Æ фæсмæрдæ ин аккаггонд æрцудæй Лæгдзийнади орден.

Кудзойти бæгъатæр Владимири ном лæвæрд æрцудæй, Дзæуæгигъæуи ци 44-аг скъолай ахур кодта, уомæн, скъолай азгъунсти фарсбæл ба федаргонд æй æ номерæн къæйдор фæйнæг.

Раст æй, бæгъатæртæ нæ мæлунцæ, æностæмæ, цалинмæ ма сæ еу имисæг уа, уæдмæ цæрдзæнæнцæ адæми зæрдити.

Абони ба, уæлдæфон-десантон æфсæдти Бони фæдбæл дзубандий Кудзойти Владимири рохс ном уæлдай бæлвурддæрæй уомæ гæсгæ æримистан, æма 9 июли æ райгурдбæл æнхæст кæнуй дæс æма дууинсæй анзи (1973-1995). Нæ зæрди ес не 'дзард бæгъатæри туххæй нæ газети номертæй еуеми бундорондæрæй радзорун.



КУДЗОЙТИ Владимири ном абони хæссуй Дзæуæгигъæуи 44-аг скъола.

***ТОКАТЫ Алихан, зынгæ æхсæнадон архайæг, журнал «Чырыстон цард»-ы редактор Цомайты Харлампимæ 1915 азы фыста: «Æрмæст знон федтон «Чырыстон цард». Ныррызти фырцинæй мæ зæрдæ, ахъардта уæнгты йæ хъæр. Тар, æнкъард зæрдæ та федта рухс æмæ ныуулæфыд бындзарæй. Цин кæны, цин кæны зæрдæ «Чырыстон цард»-ы фæзындæй.***



ТОКАТЫ Алихан

Сергей БЕЛИКОВИ конд хузæ «Нифси цадæ».

*Зæрдæ, зæрдæ дæ ныссау:*
*Бацъынд дæ фыр «нæ»-йæ.*

Цывирхъаудæр нывтæ кæй аразы Алихан, уый царды æцæгдзинадимæ баст у. Хуымæтæджы нæ фыста Белинский: «Страшно!.. Но поэзия есть сама действительность, и потому она должна быть неумолима и беспощадна, где дело идет о том, что есть или что бывает» (В. Белинский. Статьи о классиках. М., «Художественная литература», 1973, 282 ф.). Алиханы поэзийы æнкъард мотивты ратæдзæнтæ цы ран сты, уый раиртасынæн ма нын æххуыс кæнынц æмдзæвгæтæ «Мæ хæлар, нæ, нæ мæ хъæуы цæссыг», «Æгæрон мидбылты худт у мæ æнкъард», «Дзæнæтмæ бæлгæйæ» æмæ бирæ æндæртæ.

*Ды зон, мæ хæлар, зон ды, зон, мæ хур:*
*Мæ цæссыджы – мæ уарзт.*
(«Мæ хæлар, нæ, нæ мæ хъæуы цæссыг»)

# «НАЛ ФÆРАЗЫН ЗÆХХЫЛ, ФЕСКЪУЫЙЫ МÆ ЗÆРДÆ...»



**ХЪОДЗАТЫ Æхсар**
**(1937–2021),**
**Цæгат Ирыстоны адæмон поэт**

Поэзийы мæсыг амайгæйæ чысыл фæдфæливæн мийæн дæр уæвæн кæй нæй («æлыгæн ын – «Рæстдзинад»), мæсыгæн йæ бындзæфхад, йæ бындур царды кæй сты, адæмы цæссыгтæ æмæ туджы фæзгъæртыл кæй сыгъдзы, фæллойгæнджыты, сидзæрты бирæ хъизæмæрттæй йемыдзаг кæй вæййы æмæ уыцы – иу рæстæг сабийы мидбылхудтæй арæзт куы ’рцæуы, уæд та адæймагæн цин кæй хæссы («æддæмæ дзы зындзæни мæйтæ, хуртæ») – цыбыр дзырдæй, сфæлдыстадон куыст уæззау æмæ вазыгджын кæй у, аивады мæсыгæн йæ мидæг йæ саразæджы зæрдæйы «судзгæ зынг» кæй вæййы, уыцы хъуыды Алихан равдыста иттæг дæсны. Сразы уæвæн нæй Ардасенты Хадзыбатыр æмæ Хæдарцаты Азæйы ныхæстыл: «Цыкурайы фæрдыг» æмæ «Алыхуызон мæсыг» сты сонеты формæйы фыст. Уыдоны, уæлдайдæр дыккаджы, нæй бæлвырд хъуыды, фæлæ уæддæр поэт адæмы уæззау уавæртыл кæй тыхсы, уый бæрæг у» (Ирон литературæ. Ахуыргæнæн чиныг 9 – 10 кълæстæн, 1973. Чиныгуадзæн «Ир», 37 ф.).

Раст нæу, Алиханы сонетты бæлвырд хъуыдытæ нæй, зæгъгæ, уыцы ныхас. Поэт йæ хъуыды бынтон гомгæрцц куы ныккæна, йæ дзуринаг бынтон куы баууила, уæд дзы ад нал вæййы. Алихан хъуыды райсы йæ тæккæ къуыпа æфтаугæйæ, йæ билцъ уадзын афон, йæ дарддæры рæзт та бакæны чиныгкæсæджы бар. Брюсовы загъдау, алы хъуыдыйæн дæр ис рæзты процесс – йæ райгуырдæй йе сцæттæйы онг. Æмæ йæ иутæ «цъæхæй» райсынц, иннæтæ та «æгæр рæгъæдæй». Алихан дæр йæ хъуыдытæ гæххæтмæ хаста, бынтон-иу нæма сцæттæ сты, афтæмæй. Ахæм зондыл хæст уыд Уитмен дæр. Чиныгкæсæг, дам, хъуамæ кæддæриддæр йæхимæ райса, куыстæй йæм цы хæс хауы, уый. Æз мæхи хæс куыд æххæст кæнын, хъуамæ, дам, æй уый дæр афтæ æххæст кæна. Мæн, дам, фæфæнды чиныгкæсæджы мæ хъуыдыйы атмосферæмæ æрбахонын, цæмæй уый уырдыгæй йæхæдæг стæха.

**Кæрон.**
**Райдайæн 26-27-æм номерты.**

*«Рæстдзинадæн йæ цæст зыд сынтытæ хæрынц.*
*Æмбийы Зонд, ысси бынтон къуыдыркæлм.*
*Нæ бартæ! Бартæ цыртыл сау ызгæ кæнынц.*
*Мæрдон ысмаг сыл сæвæрдта фыдрын фæлм».*
(«Талынджы ауыгъд»)

* * *

## ТОКАТЫ АЛИХАНЫ ТЫХХÆЙ МЫСИНÆГТÆ



**МÆХЪИТЫ Верæ, Токаты Алиханы уарзон чызг: «Алиханимæ ма сæмбæлдыстæм 1920 азы. Кæцы мæй, уый нал хъуыды кæнын, уалдзæджы кæрон уыд, æнхъæлдæн. Епархиалон училищей хæдзары ахуыргæнджытæн сарæзтой конференци. Уырдæм мæм æрбацыд. Йæ уæлæ – фæныкхуыз цухъхъа. Парчы иуцасдæр абадтыстæм. Алихан нæфæразгæ уыд, йæ температурæ уæлæмæ схызти. Загъта, мæ бинонтæ, дам, тифæй сæйынц, хостæ сын райстон æмæ хохмæ цæуын. Æз æй урæдтон, уыцы хуызæнæй, зæгъын, куыд цæуыс, рынчындоны дæхи фенын кæн, æрхуысс дзы, æмæ дæм дохтыртæ фæкæсой. Æз, зæгъын, дæ уæлхъус уыдзынæн иудадзыг. Уый мын афтæ, мæ бинонтæ, дам, рынчын, æз та мæхи уды кой кæнон?**

**Уый уыди нæ фæстаг фембæлд. Алиханы марды хабар мын мæ зæрдæйы уидæгтæ сæнкъуысын кодта. Дыууиссæдз боны мæ сæрæй мæ сау сæрбæттæн нал систон. Сау цæмæн дардтон, уый мæхи йеддæмæ ничи зыдта, ай-гъай.**

Поэты уацмыстæй арæх райхъуысы æрхæндæг мыртæ, хъарæджы хуызæн зæрдæуынгæггæнæг мелоди. Уый йын йæ цæстмæ дардтой литературæйы историктæй иуæй-иутæ, йæ уацмысты, дам, зыны æнкъарддзинад, пессимизм. Æцæгдæр, Алиханы æмдзæвгæтæй бирæты иуæй иннæ æвирхъаудæр нывтæ кæрæдзи ивынц:

*«Дымгæ футтытæ кæны –*
*Бапыхцыл дæ рихи...*
*Цæссыг, сау цæссыг кæлы.*
*Сау зæрдæ фæдих и.*
*Хъæр кæнын дæумæ, кæнын*
*Туджы малы цадæй.*
*Малы мардыл æз кæлын,*
*Бахъæрзын æнцадæй».*
(«Куырмыты хуыцау»)

*«Хурмæ ниуы зæрдæ-иунæг,*
*Хуры нал уынын æппын...*
*Уæ, мæ зæрдæ, зынтæ фидæг,*
*Чи дын зоны, чи дæ зын?»*
(«Кувын дурæн мæн нæ фæнды...»)

Автор ныхас кæны «куырмыты хуыцауимæ». «Куырмыты» уымæн, æмæ йæм чи кувы, уыдон «адæм нал ысты – цъыфы бахуыссынц мæрдхуыстæй», сæ зонд сын æнусты дæргъы талынджы фæдардтой, бонджынтæ, тыхгæнджытæ сæ бакуырм кодтой. «Куырмыты» уымæн æмæ, поэтмæ гæсгæ, Хуыцау мæгуыр лæджы мætæй нæ мæлы, фынæй у, йæхи ницыуынæг скодта, æфдхæрдтæм йæ чъылдым раздæхта. Уымæн ахæм дæрзæг æвзагæй дзуры поэт уæларвон тыхтимæ, «кæйдæр хуыцауимæ»:

Ацы рæнхъытæ фæстагæттæн сты фæдзæхсты хуызæн. Раст цыма поэт пехуымпарау хатыдта, йæ байзæддæгтæй йыл чидæртæ пессимизмы гакк æвæрдзысты, уый. «Мæ цæссыг – худгæ сусæг цин», «Мæ хъарæг у æнæрынцойæ заргæ, у арвы тыны рыг мæ уд», – зæгъы Алихан йæ иннæ æмдзæвгæ «Æгæрон мидбылты худт у мæ æнкъард»-ы.

Стыр поэттæ митсæр хæхты цъуппытау сты: кæрæдзи хуыздæр æмбарынц, сæ хъысмæт, сæ уаг, сæ миниуджытæ æнгæс вæййынц. Дæлдзæхы сæ уидæгтæ, сæ бындзæфхæдтæ иннæ хæхтæй – арфдæр. Уымæ гæсгæ зæххы «ад» хуыздæр æнкъарынц. Уæлæрвты та сæ урс бæрзæндтæн иумæйаг у «хуры уæлдæф» (Алиханы ныхас).

Кæддæр поэт ахæм рæнхъытæ ныффыста:

*Мæ мæсты хуры тынтæй у фæтæн кард,*
*Цæвын мæ уарзтæй у мæ дин.*
*Хæцгæйæ ме ’взаг мастæй дзаг у, маргæй,*
*Мæ марг у дидинæджы мыд.*
(«Æгæрон мидбылты худт у мæ æнкъард...»)

Фæстæдæр Гарсиа Лоркæ та Пабло Нерудæйы тыххæй афтæ загъта: «Когда он хочет карать и поднимает меч, меж пальцев его руки вдруг оказывается раненый голубь» (Федерико Гарсиа Лорка. Об искусстве. М., «Искусство», 1971, 226 ф.).

Рацыди та дзæвгар рæстæг, æмæ уырыссаг поэт Булат Окуджавæмæ райгуырд ахæм рæнхъытæ:

*Сто раз я нажимал курок винтовки,*
*а вылетали только соловьи.*

Æнахуыр тугхæстæгдзинад! Растдæр зæгъгæйæ та – удхæстæгдзинад! Фæйнæфæйнæ материктыл чи цæры, се ’хсæн æнæкæрон быдыртæ, хæхтæ, океантæ кæмæн ис, бынтон алыхуызон æвзæгтыл чи дзуры, уыцы поэтты барвад кодта иу хъуыды, иу бæллиц, иу фарны дуне – Поэзи.

**Уæрæсей Тугъдон-Денгизон флоти Бон бæрæггонд цæудзæнæй 30 июли. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци æфсæддон къабази ветерантæн, уæдта абони си е ’фсæддон ихæстæ ка æнхæст кæнуй, уонæн!..**

***Тарф уазал зымæджы фæстæ та сдардта йæ был уалдзыгон хур нæ Ирыл. Базмæлыдысты йæ тæфмæ уæнгтæ. Кæд йæ тæфæй стæфсиккой нæ салд бæстæ. Кæд ауадзид уидæгтæ нæ Иры къабæзтæм, кæд цъæх радарикккой нæ сау къуыбыртæ, кæд бапырх кæнид рæзгæ дидинджытæ райсомы æрттивгæ уалдзыгон æртæхæй».***



Цы æмдзæвгæтыл дзырдтам, уыдонæй бæрæг у: Алиханы æнкъард мотивтæн сæ бындуры уарзт ис. Уарзт поэты уацмысты ахъардта, уалдзыгон фæлмæн къæвда саумæры куыд ахъары, афтæ. Уарзт мидæгæй срухс кодта Алиханы поэзи, æрдзы фæлдисондты хуыз равдыста ирддæрæй, сæ сусæгтæ сын раргом кодта.

Алиханы дунеуынынад æввахс лæууыд Алыксандр Блокы зондахаст æмæ хъуыдытæм. «Оптимизм – вообще, – фыста Блок, – несложное и небогатое миросозерцание, обыкновенно исключающее возможность заглянуть на мир как на целое.

Его обыкновенное оправдание перед людьми и перед самим собою в том, что он противоположен пессимизму; но он никогда не совпадает также с трагическим миросозерцанием, которое одно способно дать ключ к пониманию сложности мира» (А. Блок. Искусство и революция. М., «Современник», 1979, 299 ф.).

Блок трагикон дунеуынынад кæй хоны, уый хицæн кæны оптимизмæй дæр æмæ пессимизмæй дæр. Павел Антокольский куыд зæгъы, афтæмæй Блокы дунеуынынад, фыццаджы-фыццаг, уыди диалектикон, царды ныхмæвæрд тыхтæ, конфликттæ поэт уыдта æмæ сæ ныв кодта раст.

Поэзи цардхъомæй æнусты сæрты кæй ахизы, йæ фарн мæрдтæм кæй нæ цæуы, уымæн, æвæццæгæн, йæ сæйраг сусæгдзинад у, ахæм диалектикон фидар уидæгтæй кæй сырæзы, уый.

* * *

Адæймаджы æгадгæнæг фыдцард цæмæй сæфт æрцæуа æмæ йæ бынаты ног дуне сырæза, уый сæрвæлтау бавзарын æмбæлы цыфыддæр хъизæмæрттæ – ахæм хъуыды ис Алиханы æмдзæвгæ «Дзæнæтмæ бæлгæйæ»-йы. Фидæныл фидарæй æууæндгæйæ, рухсдæр дунетæм бæлгæйæ лирикон герой цæттæ у тухиты уаргъ хæссынæл, «уарзы зындон», судзы йæ арты. Зындон (ома, Алихан йæхæдæг цы «æбуалгъ рæстæджы» цард, уый) æмæ дзæнæт (гармонион дунейы символ) æвæрд æрцыдысты ныхæй-ныхмæ. Ацы диалектикон мадзал та ногæй стыр хорзы бацыд Алиханæн – цардхъомдæрæй, ирддæрæй æвдисы адæймаджы бæллиц, уды монцтæн сæ уидæгтæ æнæмæлгæ кæй сты, уый.

Раст нæ зæгъы Ардасенты Хадзыбатыр ацы æмдзæвгæйы тыххæй йæ «Очерк развития осетинской литературы»-йы (Орджоникидзе, 1959): «Но поэтическое восприятие окружающего мира А. Токаевым противоречиво, внутренний мир его лирического героя часто раздваивается... Противоречивость восприятия лирическим героем внешнего мира характеризует и другие стихотворения А. Токаева («Холод бросаю я в сердце», «Подснежник»).

Æрдзы, æхсæнады æмæ адæймаджы зондахасты, зæрдæйы цы ныхмæвæрд тыхтæ ис, уыдоны иудадзыг тохы руаджы рауайы змæлд, рæзт. Уыцы фæткимæ баст у сфæлдыстадон куысты процесс дæр. Уый бæлвырдæй зыны дунеон литературæйы. Аивадон уацмысы канд архайджытæ не 'рцæуынц æвæрд кæрæдзийы ныхмæ. Хицæн адæймагæн йæхимидæг цы миниуджытæ, цы митæ æмæ лыстæг фæзилæнтæ вæййы, уыдон контрастон хуызы равдисгæйæ нывгæнæг сфæлдисы вазыгджын характер. Исты цау, исты хъуыды æргом кæнгæйæ кæнæ суанг æрдзы нывтæ аразгæйæ дæр поэт хатгай ахизы логикæйы сæрты дæр. Николай Асеев ацы хъуыддагыл дзургæйæ æрымысыди, Пушкины «Полтавæ»-йы Петры æддаг бакаст куыд æвдыст цæуы, уый:

*...Его глаза*
*Сияют. Лик его ужасен.*
*Движенья быстры. Он прекрасен.*

«Как логически объяснить это противоречие: прекрасен, несмотря на то что ужасен? – фæрсы Асеев. Æмæ йæ фарстæн йæхæдæг дæтты дзуапп: – Но именно в единстве этого противоположения возникает грозный и вдохновенный облик Петра» (Н. Асеев. Зачем и кому нужна поэзия. М., 1961, 29 – 30 ф.).

Поэзийы ацы ахсджиаг миниуæг, ома, фæлгонцтæ, нывтæ, характертæ, аивадон мадзæлттæ ныхмæвæрд тыхты хъæбысхæсты быдурыл аразын кæрæйкæронмæ зыны Алиханы сфæлдыстадыл. Йæ уацмысты арæх æмбæлæм дзырд «марг»-ыл. Уыцы дзырдæн цы нысаниуæг



ис, уый алчи дæр зоны: адæм дзы фылдæр хатт пайда кæнынц æппæрццæг миниуæг æвдисгæйæ. Алиханы æмдзæвгæты «марг» канд зианхæссæг нæу, фæлæ хæрзгæнæг, рухсдæттæг дæр. Марг ауагъди зæрдæйыл, æмæ зæрдæ пиллон скалдта, судзы, баци æвзалы. Марг зæрдæйæн фæахъаз, расыгъдæг æй кодта, æмæ ныр зæрдæ «цæхæр сыгъдæй рухс дæтты». Цæмæй адæймаг исты стыр хъуыддагыл фæцалх уа, цæмæй йын царды исты бантыса, уый тыххæй йæ хатгай фæхъæуы маргæй фæлварын дæр (ацы ран та марг дæр символикон хъуыды хæссы) – хъуамæ бавзара маст, хъыг, хъизæмар...

Афтæ Алиханы поэтикон дунейы иу æууæлы-миниуæджы ныхмæ æвæрд æрцæуы иннæ æууæл, иннæ миниуæг, стæй куыдфæстæмæ уыцы æууæлтæ, миниуджытæ рахизынц бынтон æндæр уавæртæм, райсынц ног хуыз, ног уаг. Уымæн æппæтæй хуыздæр æвдисæн у, Хадзыбатыр «противоречивость восприятия лирическим героем внешнего мира» кæм ссардта, уыцы æмдзæвгæ – «Малусæг». Фыццаг строфайы бæлвырд æмæ фæлмæн (кæд афтæ зæгъæн ис, уæд) ахорæнтæй лæвæрд цæуынц уалдзæджы фыццаг миниуджытæ. Нырмæ йæхæдæг нæма зыны, æрмæст æнкъарæм, кæмдæр æввахс рæтты йе 'ндæрг хъуызæгау, тæрсгæ-ризгæйæ куыд цæуы, уый. Раздæр уал «сусæгæй æрулæфыд зæхмæ», стæй «фæлмæн тæф ацыди зæххæй дæлдзæхмæ», фæлæ ма уæддæр уæлдæф уазал уыд. Уалдзæгæн нæм хъуысынц æрмæст йæ мыртæ, йæ комытæфы змæлд, ома, æмдзæвгæйы рæнхъытæ, фыццаджы-фыццаг, эстетикон æхцондзинад хæссынц хъустæн, зæрдæйæн. Дарддæр уалдзæгæн уынæм йæхи, йе 'рбалæуд фæбæрæг æрдзыл. Дыккаг строфайы фыццаг дыууæ рæнхъы сæйраджыдæр сты цæстытæн æмæ зæрдæйæн:

*Быдыр цæгæр сæрау хъулон фæдардта,*
*Ранæй-ран урсæй лæууыди ма мит.*

Куыд уынæм, афтæмæй автор дзырдтыл тынг ауæрды. Уый хъыгъд алы дзырд дæр сæмбæлы йæ нысаныл, уымæн æмæ уды тавсæй, æнкъарæнты рухсæй сты царддых, фидауцджын, рæстдзæвин. Æмдзæвгæйы цы мидызмæлд, æнæзынгæ хъуырдухæн ис, уый та гуыры, раздæр кæй кой кодтон, уыцы алыхуызон тыхты тох æмæ иудзинадæй. Рæзы архайд, ивынц уавæртæ, æууæлтæ, нывтæ. Боныфæстагмæ разынд, æмдзæвгæ кæй тыххæй фыст у, уыцы дидинæг дæр:

*Малусæг митæй йæ буц сæр ысдардта,*
*Малусæг фехъуыста уалдзæджы 'хситт.*

Поэт не 'вдисы, уыцы къаннæг æнæнтыст дидинæг æмæ йæ ныхмæлæууæг тыхты æнæбафидаугæ тохы процесс, фæлæ кадавар æмæ ахадгæ ахорæнтæй цы контрастон ныв сарæзта, уымæй бæрæг у; малусæгæн æнцон нæ уыд, уæлдайдæр «буц» уæвгæйæ. «Буц» – иттæг бæлвырд æмæ ахадгæ эпитет. Уый руаджы дидинæджы уынæм лæмæгъ æмæ тыхджынæй. Буц уæвгæйæ уагæры цас æмæ цас хъару бахъуыди малусæджы, цæмæй йæ бирæ зынтæн бафæрæзтаид, фæуæлахиз уыдаид!

*Малусæг митæй нæ тарсти, нæ сыди,*
*Уазалы митимæ тарф уый хæцыд.*
*Уалдзæджы цинæй-иу бонгай рæзыди,*
*Хъалæй, фырбуцæй уый Рухсмæ фæцыд.*

Уалдзæджы фыццаг дидинæджы бæллиц ахæм цардбæллон, æнæсæттон уымæн разынд, æмæ йын Уалдзæг, Хур æмæ Рухс æнæкæрон зынаргъ кæй уыдысты, уыдон феныны монцæй кæй царди, кæй сыгъди. Уæвгæ йын цард дæр уыдон радтой. Удуæлдай тох кæнын бахъуыди канд «дæлдзæхы» нæ, фæлæ, Рухс куы федта, Уалдзæджы цинæй куы рæзыди, уæд дæр. Æмæ цыфыддæр уавæрты дæр бахъахъхъæдта йæ сæрыстыр, буц удыхъæд («хъалæй, фырбуцæй уый Рухсмæ фæцыд»). Ахæм у поэты идеал – Малусæг – Хъаруйы, Æхсары, Æфсармы, Фидауцы символ.

Æмдзæвгæйы фæстаг строфайы фыццаг рæнхъ у рефрен – дыккаг строфайы æртыккаг рæнхъ гæзæмæ фендæрхуызонгондæй. Уый дæр хуымæтæджы нæу: карз тохы фæстæ цыбыр улæфты рæстæг куыд ралæууы, фæллад æфсæддон йæ риуыдзаг куыд ныуулæфы, уый хуызæн мæм кæсы. Чиныгкæсæг дæр æхсызгон улæфт скæны, Малусæджы амондыл бацин кæны зæрдæбынæй, уæдæ ныр Рухсы цæрдзæни, зæгъгæ. Фæлæ... Алиханы размæ дæр æмæ йæ фæстæ дæр бирæ автортæ фыстой малусæджы тыххæй, уыдонимæ – мæхæдæг дæр. Æмæ цыма ныхас бакодтой, уыйау-иу сæ уацмыстæ фесты ахæм «амондджын» кæронæй. Алихан хорз æмбæрста, цард вазыгджындæр, æгъатырдæр кæй у, фылдæр хатт, махæн нæхи куыд фæфæнды, афтæ кæй нæ рауайы. Уымæ гæсгæ йе 'мдзæвгæйæн сарæзта æндæр кæрон, царды рæстдзинадæй чи гуыры, ахæм:

*Малусæг Рухсы йæ мæлæт ыссардта –*
*Хурæй мæлы.*

Æмдзæвгæйы иу мæнг фæзилæн, иу фæдфæливæн дæр нæй, малусæджы цард йæ равзæрдæй йæ амæлæты онг æвдыст цæуы, æцæгæй куыддæриддæр вæййы, афтæ: райгуыры миты хъæпæнты 'хсæн Уалдзæгмæ, Хурмæ бæлгæйæ, стæй, кæмæ фæбæллы, уыцы Хуры хъарммæ йæ мæлæт ссары. Уый у фæтк. Æмæ æрмæст уыцы фæтк дæр поэтæн бар дæтты аивадон уацмыс сфæлдисынæн. Фæлæ Алиханы æмдзæвгæ афтæ тынг уымæн ахады, æмæ уыцы фæтк дунейы бирæ æндæр фæзындтимæ, адæймаджы хъысмæтимæ æнæзынгæ æндæхтæй баст кæй у. Райсæм уарзт. Алы адæймаг дæр æм фæбæллы йе 'взонджы бонты. Иуахæмы уый дæр æнæнхъæлæджы ныххойы зæрдæйы дуар. Адæймаг æррайау свæййы, афтæ тынг кæмæ фæбæллы, уыцы уарзты уацары батайы, баруайы, хаттæй-хатт суанг адзалы къахыл дæр ныллæууы уарзон адæймаджы, уарзты сæрвæлтау.

Адæймагæн йæ уарзт свæййы, йæ мæлæт кæмæй ссары, уыцы Хур. Кæнæ райсæм поэзи, аивад. Нывгæнæг фæсудзы, йæ уд суæлдай кæны аивадæн. «Æнæ сæрнывонд» (Къостайы ныхас) дзы æнтыстмæ æнхъæлмæ кæсæн нæй. Æнæбары мæ зæрдыл æрбалæууыди Пастернакы æмдзæвгæйы рæнхъ дæр: «Цель творчества – самоотдача». Поэт, нывгæнæг батайы, басудзы, а дунейыл ын æппæтæй зынаргъдæр чи у, уыцы Хуры – Поэзийы цæхæры. Фыдæй-фыртмæ афтæ уыд ахуырады дæр, æхсæны царды дæр. Уымæн æвдисæн – номдзыд революционерты, ахуыргæндты хъысмæт. Уымæн æвдисæн – Алиханæн йæхи хъысмæт дæр: авд æмæ ссæдзаздзыдæй басыгъди ног царды сæрыл тохы, басыгъди Поэзийы цырен арты. Революци æмæ Поэзи уыдысты йæ «адджын марг», йæ «царды хос», йæ «алыхуызон мæсыгæй» цы мæйтæ, хуртæ зыны, уыдон.

Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, Екклесиасты чиныджы цы фыст ис, уый дæр: «Растзæрдæ байсæфы йæ рæстдзинадæй, мæнгард тæригъæдджын та бирæ фæцæры мæнгардæй, тæригъæдджынæй» (Екклесиаст, 7:15).

Мæ уацтæй иуы кодтон персаг поэт Фарид Эд-Дины æмдзæвгæйы кой. Æртæ гæлæбуйы ауыдтой сойын цырагъ æмæ сæ æрфæндыд, арт циу, уый базонын. Сæ иу батахт арты цурмæ, фæстæмæ раздæхт æмæ загъта: рухс дзы кæлы. Иннæ ноджы хæстæгдæр батахт артмæ, йæ базыр дзы ацарыдта, раздæхт æмæ загъта: судзгæ кæны. Æртыккаг æм бынтон хæстæг батахти, бахауди дзы æмæ басыгъд. Æххæстæй базыдта, арт циу, уый, фæлæ, цы федта, уый мæрдтæм ахаста, йе 'мбал гæлæбутæ нал базондзысты арты сусæгдзинад. («Курьер Юнеско», 1989, ноябрь, 57 ф.).

Афтæ у поэты хабар дæр – йæ сусæгтæ йын кæронмæ райхалын нæ бон нæу.

**Фиццаг дуйнеуон тугъди рæстæг уæрæсейаг тугъдонтæй ка фæммард æй, уони номерæн Бон бæрæггонд цæудзæнæй 1 августи. Рохсаг уæнтæ, сæ рохс нæмттæ æностæмæ иронх ма уæнтæ...**

*Жозеф ЖУБЕР (1754-1824), францусаг финсæг: «Цард æй, зæрæндтæ ке фæуууидтонцæ, сæ бонтæ кæми рарвистонцæ, уæхæн бæстæ. Цард фæццæрунмæ æхе ка цæттæ кæнуй, етæ надæй фæрсæнтæ зæрæндти...» Кæддæр уотæ бæргæ адтæй, фал абони ба кæстæртæ сæ карни нæдтæбæл ранæхстæр унцæ, айдагъдæр сæхе зундбæл сæ зæрдæ даргæй...*



# ЦÆУÆТÆЙ ЗÆРДИРАЙ НИЙЙЕРÆГ – ХУÆРЗАМОНД!..

Уогæ, еци бæрæгбон гъæуама еунæг бони хæццæ баст ма уа. Фал адæймаг, цалинмæ цæра, уæдмæ дæр ниййергутæмæ æ уарзондзийнади рахаст еу усмæ дæр макæд гъæуама нидæн кæна. Гъæуама уотæ уа.

«Ниййергутæ ’нцæ, аргъ кæмæн нæййес, уæхæн хæзна, аргъгонд ба син, гъулæггагæн, алкæд нæ фæццæуй, цæйбæрци аккаг æнцæ, уойбæрцæ», – уотæ загъта дуйней курухон лæгтæй еу...

Мах, сæ кæстæртæ, фулдæр хатт уотæ фæгъгъуди кæнæн, ниййергутæ нин ци хуæрзти бацæунцæ, е гъæуама æнæмæнгæ уотæ уа.

Сувæллонæй мах нæ алфамбулай дуйне уинæн уони цæститæй, уони зундбæл ахур кæнæн, етæ ’нцæ нæ фæххуæцæг, нæ дарæг, хуарздзийнæдтæй æскъуæлхунмæ разæнгардгæнæг, аллайаг гъуддæгутæй фæррæдуйунæй нæ уорамæг.

Æма, æцæгæйдæр, ниййергутæ ’нцæ, сувæллони зæрдæмæ еугуремæй хæстæгдæр ка лæууй, етæ, баййевæн кæмæн нæййес некæбæл, уæхæн зæрдтагонтæ. Етæ ресунцæ нæ ристæй, нæ мæтæй, нæ сагъæстæй. Уонæй æхцæуæндæр некæмæн фæуунцæ нæ уæлахезтæ, нæ æнтæститæ. Цæстæй уинæн кæмæн нæййес, айдагъдæр уодæй бавзарæн кæмæн ес, уæхæн федар цæгиндзитæй нин лæуунцæ нæ карнæ фæлдесунадæн буцæуæн.

Адæймагмæ ма, æнæмæнгæ, æрцæуй фæстагмæ устур фæсмон, æ рæстæги æ ниййергутæн æ бон ке нæ бацæй – кенæ ’й цидæр бахъор кодта, кенæ ба е ’нæргъудидзийнади фудæй – уæддæр уотид фæлмæн зæгъуйнæгтæ исзæгъун, уони барæвдаун, уой туххæй. Уотæ нæмæ фæккæсуй, цума нин етæ æносон, æнæмæлгæ ’нцæ… Цума ма нин рæстæг уодзæнæй уони фагæ зæрдæмæгъаргæ дзурдтæ иссерунæн… Гъе уотемæйти, нæ еци рæдудбæл ма фæсмонгондæй хъонц кæнгæй, райевгъуйунцæ нæбæл æнæ уонæй нин нæ цæргæ бæнттæ, æнзтæ…

Æцæгæй ниййергутæ нæ царди ци бунат ахæссунцæ, е ни баруагæс уй айдагъдæр уæд, æма нæхуæдтæ ниййергутæ ку исуæн. Айдагъдæр уæд райдайæн лæдæрун, цæйбæрцæ зунд, хъауритæ æма рæстæг фæгъгъæуй, цæмæй дæ сувæллон царди тонхи рацæуа, уобæл бахарз кæнун.

«Касдони уедуг æма къибилайдзаг ба уарзт» раттун фæгъгъæуй, цæмæй дæ бæдолæ æ къæхтæбæл ислæууа, уомæн.

Аци фарстабæл дзорун æнгъезуй æнæкæрон берæ. Мах ба фæндуй айдагъдæр зæгъун: «Берæ нин цæретæ, нæ хъазар мадтæлтæ æма фидтæлтæ, уæ бæдæлтти зин макæд фæууингæй, сæ рæвдудæй хайгин, сæ арфиаг гъуддæгутæй ба сæрустур уогæй!..»

Абони аци æрмæг ка кæсуй, уонæн ба фæдзæхсæн: «Уарзетæ уæ ниййергути, цалинмæ ма уин уодæгас æнцæ, цалинмæ ма уин уæ фарсмæ ’нцæ!.. Бон фулдæр цæмæй рацæронцæ, уобæл уæ уодтæ даретæ!..»

Хуарз уидæ, еци цитгин бæрæгбон махмæ дæр ку ниффедар уидæ æма тæккæ райдзастдæр хузи бæрæггонд ку цæуидæ. Ниййергути барæвдаунæн ци равгитæ æма гæнæнтæ ес, уонæй æнхæстæй пайда кæнун арфиаг гъуддаг æй!..

## ÆРИГÆНТТИ ЗÆРДРОХСГÆНÆГ ИСФÆЛДИСТАДÆ



### «ХЪÆБÆР МÆ РАЗÆНГАРД КОДТОНЦÆ СÆРДИГОН ÆРДЗИ АЛÆМÆТИ ХУЗТÆ!..»

Æригон хузæгæнæг Елхъанти Милани конд хузти равдист «Балæвар мин кæнæ деденгутæ», байгон æй Дзæуæгигъæуи. Æдеугурæй си ес дæс хузи, фулдæр си æвдист цæунцæ сæрди хуарæнтæ, фæлгонцтæ. Миланæ æхуæдæг куд загъта, уотемæй сæ финста фæстаг дууæ мæйей дæргъи, æ кусти рæстæг æй хъæбæр разæнгард кодтонцæ сæрдигон рæсугъд æрдзи алæмæти хузтæ, æ кустити хъæбæр берæ ес деденгутæ. Цалдæр хузи ба сæйраг бунат байахæстонцæ кизгутти сорæттæ. Иннетæ ба ’нцæ натюрморттæ.

Е æй Милани хузти хе фиццаг сæрмагонд равдист. Хузтæ кæнун райдæдта цалдæр анзей размæ, 2019 анзæй фæстæмæ ба архайдта аллихузон аййевадон равдистити.

Елхъанти Милани хузти равдист уодзæнæй еу мæйи бæрцæ. Фæууинæн ба син ес Горькийи æма Ленини гъæунгти тегъæбæл азгъунсти, федун нæ гъæуй.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ ’й æхсæйнагæй бæрзонддæр.**

**1** **Фиццаг советон наукон станцæ Антарктиди куд хундтæй?**
**а)** «Мирный»; **б)** «Новолазаревская»; **в)** «Восток»

**2** **Роберт Стивенсони роман «Хæзнати сакъадах»-и («Остров сокровищ») архайæг Джон Сильвери усхъæбæл бадæг тотий капитан Флинт еудадзуг циуавæр æхцати гъæрæй кой кæнуй?**
**а)** Пистолтæ; **б)** Дублонтæ; **в)** Пиастртæ

**3** **Зундгонд телебакаст «Хуæрзæхсæвæ, сабийтæ» фиццаг рауагъдтити кукла-архайæг тæрхъоси бæдоли куд худтонцæ?**
**а)** Шустрик; **б)** Тепа; **в)** Мямлик

**4** **Гурдзиаг финсуйнади циуавæр дамугъатæ нæййес?**
а) Гъæлæсонтæ; б) Устурæй финст; в) Æнæцавдонтæ

**5** **Лото, зæгъгæ, гъазти боцъикъатæй «къохæрходтæ» ке хонунцæ, уой номер циуавæр æй?**
**а)** 66; **б)** 55; **в)** 44

**6** **Александр Островскийи пьесæ «Киндздзæгтæй евгед»-и («Бесприданница») райдайæни архайгутæ Вожеватов æма Кнуров сæумæй цайданæй ци ниуазунцæ?**
**а)** Водкæ; **б)** Шампайнаг; **в)** Коньяк

**7** **Эдуард Успенскийи аргъау «Зумæг Простоквашиной» («Зима в Простоквашино») Федори фидæ цæмæй фицуй касæ?**
**а)** Сауфагæй; **б)** Фагæй; **в)** Перловкæй

**8** **Дигорон поэттæй уотæ ка загъта: «Цæгъдæ, цæгъдæ, мæ фæндур// Дæ хætæнти нæуæг гъæр»?**
**а)** Гурджибети Блашка; **б)** Малити Геуæрги; **в)** Багъæрати Созур

**9** **Цæгат Иристони автономий 100 анзей фæдбæл фарстатæ. Советти фиццаг облæстон съезд арæзт æрцудæй:**
**а)** 1924 анзи; **б)** 1925 анзи; **в)** 1926 анзи

* * *

**Раст дзуæппитæ нæ газети 27-аг номери мухургонд фарстатæн.**

**1.** Æрттевагæ. **2.** Андоррæ. **3.** Голлаги медæгæ уайунбæл. **4.** Шахмæттæй. **5.** Исланди. **6.** Гъæмпин седзæргæс.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1638.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 28.07.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 28.07.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**